àqi jullit ci moroomu jullitam juróom la: delloo ab nuyoo, ak seeti ki wopp, ak gunge néew bi, ak wuyu woote ba, ak ndokkeel ku tissooli

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yónent Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- muy wax ne: «àqi jullit ci moroomu jullitam juróom la: delloo ab nuyoo, ak seeti ki wopp, ak gunge néew bi, ak wuyu woote ba, ak ndokkeel ku tissooli».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral yénn àqi jullit bi ci mbokku jullitam, Bi njëkk ci àq yii mooy delloo nuyoo ñeel ku la nuyu. Àqu ñaareel bi: seeti ku feebar. Àqu ñatteel bi: gunge ab néew ci këram ba ca jullikaay ba, ba ca almeer ya ba ba ñu koy rob. Àqu ñenteel bi: wuyu woote ba bu ñu ko woowee ci céetal ab séet mba leneen. Àqu jurómeel bi: ndokkeel Ku tissooli, te mooy mu wax ko ndeem sant na Yàlla: yarhamulallaah, aji-tissooli ji wax: yahdiikumullaahu wa yuslihu baalakum.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3706